**FOLKLORISTIKA**

# HAYAL-QÍZLAR OBRAZÍNÍŃ QARAQALPAQ DÁSTANLARÍNDA SÚWRETLENIWI

**Allambergenova Gulnara Yusupbaevna** – *professor*
allambergenovagulnara058@gmail.com
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

# ИЗОБРАЖЕНИЕ ЖЕНСКИХ ОБРАЗОВ В КАРАКАЛПАКСКИХ ЭПОСАХ

**Алламбергенова Гульнара Юсупбаевна** – *профессор*
*Нукусский филиал Государственного института искусств и культуры Узбекистана*

# THE DEPICTION OF FEMALE CHARACTERS IN KARAKALPAK EPICS

**Allambergenova Gulnara Yusupbaevna** – *Professor*
*Nukus branch of the Uzbekistan State Institute of Arts and Culture*

**Tayanısh sózler:** qaharmanlıq dástan, obraz, xarakter, batır, nasır, atqarıw.

**Rezyume.** Bul maqalada qaraqalpaq qaharmanlıq dástanlarında hám liro-epikalıq dástanlarında hayal-qızlar obrazınıń súwretleniwi, qaharmanlıq dástanlarında qız-jeńgelerdiń mártligi, túrli jawlarǵa qarsı qaharmanlıq gúres kórsetiwi haqqında sóz etiledi.

**Ключевие слова:** героический эпос, образ, характер, герой, проза, исполнение

**Резюме.** В данной статье рассматривается изображение женских образов в каракалпакских героических и лиро-эпических дастанах, мужество девушек и молодых женщин в героических дастанах и их героическая борьба против различных врагов.

**Key words:** heroic epic, image, character, hero, prose, performance

**Summary.** This article examines the portrayal of female characters in Karakalpak heroic and lyric-epic dastans, the courage of girls and young women in heroic dastans, and their heroic struggles against various enemies.

Dástanda hayal-qızlar haqqında aytqanda tiykarǵı sóz etiletuǵın figura batırdıń yarı. Bunnan basqa batırdıń qarındası, batırdıń yarınıń dos-yaranları, ásirese, jeńgesi haqqında sóz boladı. Qaraqalpaq qaharmanlıq dástanlarında liro-epikalıq dástanlarındaǵıday «qırıq kánizek» haqqında kóbinese sóz etilmeydi. Gúlayımnıń qasındaǵı qırıq qızı qırıq batır sıpatında kórinedi. Batırdıń qarındası bolıw kópshilik qaharmanlıq dástanlarda ushırasadı. Mısalı, Qoblannıń, Alpamıstıń, Arıslannıń, Sháryardıń qarındasları bar. Qoblan menen Alpamıstıń qarındasları aǵalarınıń uzaq saparǵa ketiwinde qıynaladı, ózleriniń aǵalarınıń awır táǵdiri haqqında qayǵılı sezimlerin bildiredi. Al Arıslannıń qarındası yamasa Bázirgenniń qarındası Altınay menen Aysultannıń aǵalarınıń joq waqtında olardıń ornına túrli jawlarǵa qarsı qaharmanlıq gúres kórsetedi, aǵalarınıń arın arlaydı. Qarındasları haqqında sóz etkende siyrek mınaday da jaǵday bar. Qurbanbektiń qarındası Maqsımjan Sheyirxannıń sózine erip, óziniń aǵasına jamanlıq is islep, satqınlıq isleydi.

Ulıwma alǵanda batırdıń qarındası qaraqalpaq dástanlarında unamlı xarakterde sóz etiledi. Qaraqalpaq qaharmanlıq dástanlarında qız-jeńgelerdiń mártligi tuwralı sóz etiledi. Mısalı «Qırıq qız»da Gúlayımnıń Begzada, Alpamıstıń Aysánem, Ayparshanıń Qarshıǵa degen jeńgeleri bar. Jeńgeler ótken bir zamanlarda eki jastı jigit penen qızdı sóylestiriwge, ushırastırıwǵa kómeklesken. Jeńgeler kóbinese qız tárepiniń jaqınları bolıp keledi. Jeńgeler qaraqalpaq dástanlarında kóbinese unamlı xarakterde sóz etiledi. Ol biykeshine jaqsı aqıl, qonımlı keńesler beredi. Qızdıń áke-sheshesi de turmıs qurıw máselelerin jeńgeniń aralasıwı menen sheshedi. Dástanlarda qız jeńgesi bolıw sońǵı dáwirlerde en jayǵan qubılıs bolsa kerek. Mısalı, sońǵı dáwirde payda bolǵan «Máspatsha» dástanında oǵan keń orın berilgen. Batırdıń yarı, bul da batır sıyaqlı jekke-siyrek tuwılatuǵın qız boladı. Qurtqa, Gúlparshın usınday, olar on tórt, on bes jasında erjetedi. Olardıń batırǵa, kúyewge shıǵıwı shın muhabbat tiykarında boladı.

Batırlıq dástanlardaǵı muhabbat liro-epikalıq dástanlardaǵıday azaplı uzaq waqıtlarǵa sozılmastan, kózge-kóz, júzge-júz túskennen payda boladı. Onnan soń batırdıń belgili shártlerdi orınlawı yarın iyelewdiń múmkinshiligin ashadı. Qızdıń shártin orınlawı «Alpamıs» dástanında at ozdırıw arqalı kórinse, «Qoblan»da altın qabaq atıp túsiriw arqalı kórinedi. «Qırıq qız» daǵı Gúlayım Arıslan menen qosılıwdı Surtayshanıń qolınan bende bolǵan eldi azat etiw menen baylanıstıradı. «Góruǵlı»da

Qırmandáli «Kimde kim meni alatuǵın bolsa, ya gúresip jıǵıp, ya aytısıp, shertisip jeńip aladı, aytısıp jeńgen adamdı, gúresip jıqqan adamdı ǵarrı, jigit, shax, gedey demespen, tánimdi baǵısh etermen»-dep kóptiń ishinde shárt aytadı.

Qaraqalpaq qaharmanlıq dástanlarında batırdıń óz yarına úyleniwi, kóp qıyınshılıqlardı jeńiwi, hár qıylı shártlerdi orınlawı nátiyjesinde boladı. Dástannıń dóretiwshileri bul syujetti qospalı etip qurǵan. Bul bir jaǵınan, waqıyanıń shielenisiwin kúsheytse, ekinshi jaǵınan, batır hám onıń yarınıń obrazınıń qáliplesiw jaǵdaylarınan dárek beredi. Batırdıń yarınıń óziniń basın shártlerdiń orınlanıwındaǵı bayraqqa tigiwi, máseleniń bir jaǵı, ol usınıń menen óz yarınıń jeńip shıǵatuǵınına isenim menen qaraydı. Usınıń menen ádillik te, batırlıq ta sınawdan ótedi. Gúlparshın Alpamısqa mınaday sózlerdi aytadı: «Atıń ozsa ozdırıp al, atıń qalsa bayraqtan, arıń qalsa qalmaqta, aq bilektiń kúshi menen, aq nayzanıń ushı menen, batırlıǵıńdı bildirip al» deydi. Ógiz jıraw Batırdıń hayallarınıń obrazı arqalı qaraqalpaq dástanlarında ótken bir dáwirlerdegi hayal-qızlardıń eń jaqsı adamgershilik qásiyetlerdi óz boyına sińirgen tiplik obrazı jasalǵan. Bul obrazlardıń házirge shekem batır obrazı menen bir qatarda umıtılmay keliwiniń sebebi mine usında.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**


1. Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. Нөкис: «Билим», 1996. 102-бет.
2. Қарақалпақ фольклоры (көп томлық) V том. Нөкис: - «Қарақалпақстан», 1980. 44-бет.
3. Отепбергенова Г. Халық фольклорлық дәстүрлерди үйрениў дәўир талабы. Kórkem óner hám mádeniyat Xabarshısı» ilimiy-metodikalıq jurnalı. 2025-жыл. №4-сан.
4. Отепбергенова Г. Эссе – көркем публицистикалық жанр сыпатында. Kórkem óner hám mádeniyat Xabarshısı» ilimiy-metodikalıq jurnalı. 2026-жыл. №1-сан.
5. Otepbergenova G. Úrp-ádet, dástúrler - ruwxiy mádeniyatimiz negizleri. Sun’iy intellekt falsafasi: tarixiylik va zamonaviylik dialektikasi” mavzusidagi konferensiya. 2026-jıl 22-may.
6. Отепбергенова Г. Халқ педагогикаси ва миллий қадриятлар. Qo‘qon DPI. Ilmiy xabarlar 2025-yil 9-son.